**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**МКОУ УПРАВЛЕНИЕ ОБРАЗОВАНИЕМ "МО Хасавюртовский район"**

**МКОУ "Петраковская СОШ"**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| МО | Зам.дир по УВР | Директор |
| ________________ Абдулаева М.М. | ________________ Канаматова Т.Б. | ________________ Абдулаев К.А. |
| Протокол №1 от 29.08.2023 г. | Протокол№1 от 29.08.2023 г. | Приказ №163 от 30.08.2023 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

Учебного предмета «Родной язык»

для обучающихся 10 класса

Учитель: Мирзаева П.Б.

**с.Петраковское 2023 г.**

«ПЕТРАКОВСКАЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА»
2023-2024 учебный год

# АВАР АДАБИЯТАЛЪУЛ ХIАЛТIУЛ ПРОГРАММА 5-9 КЛ.

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна РФ Лъайкьеялъул министерствоялъ 2021 с. 31 маялда тасдикъ гьабураб (№ 287) ас-лияб школалда лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги тарбия кьеялъул мисалияб программаги кьочIое росун.

Программа гIуцIун буго жакъа къоялъ школалда лъайкьеялде ругел цIиял тIалабалги, гьабсагIат кIвар бугел методикабазул ресалги хIисабалде росун, мугIалимзабазе «Авар адабият» цIалул предметалъул хIалтIул программа гIуцIизе кумек гьаби мурадалда.

Программаялъ аслияб школалда стандарталъ бихьизабураб авар адабият малъиялъул мурадалда рекъон стан- дарталъул хIасил рагьула ва рагIа-ракьан бахъун мухIканлъизабула, гьединго цIалул предметалдалъун цIал- дохъабазе лъай ва тарбия кьеялъул нух бихьизабула.

Гьелъ рес кьола гьединго мугIалимзабазе адабият малъулаго стандарталъ тIалаб гьабулел напсиял, предмети- ял, метапредметиял хIасилал гIумруялде рахъинаризе ресал ралагьизе, адабияталъул дарсазда чара гьечIого кьезе кколеб лъай баян гьабизе, малъизе кколел асаразул сияхI чIезабизе, гьел киналго тIалабалги лъайги щибаб клас- салъе мухIкан гьаризе.

Программа ккола мисалияб, ай гьелъул кьучIалда мугIалимзабаз гIуцIизе бегьула авторазул программаби (цIалдохъабазул къадар, лъаялъул даража, гьезулгун классалда хIалтIи гьабизе ругел шартIазде балагьун, шко- лалъул ва мугIалимзабазул ресал хIисабалде росун) ва цIалул тIахьал.

## «Авар адабият» малъиялъул мурадал

Аслияб школалда авар адабият лъазабула гьал хадусел аслиял мурадазде щвезе:

– Дагъистаналъул халкъазул рухIияб бечелъиялъул кьучIалда гIолилазе тарбия кьей;

– рухIияб рахъалъ цевеТIурав, гIадамазул адаб-хIурмат гьабулев, жиндирго миллат ва ВатIан бокьулев, кинабго рахъалъ камилав инсан куцай;

– жиндирго пикру билълъанхъизабизе, творческияб къагIидаялъ хIалтIизе цIалдохъанасул бугеб бажари це- бетIезаби;

– аваразул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул художествиял асарал ричIчIи, гьел цIали ва гьезул анализ гьаби;

– жамагIаталъ къабул гьабурал рухIиялгин эстетикиял нормаби лъазариялъеги, инсанасул гIумруялъул киналго рахъазул хIакъалъулъ лъай щвезабиялъеги, цоцазулгун гьоркьоблъи (ай бухьен) гьабиялъеги адабияталъ квер- бакъулеблъи бичIчIи;

– авар адабияталъул эстетикияб бечелъи ва авар мацIалъул берцинлъи, гьайбатлъи, пасихIлъи бичIчIи;

– художествияб текст цIализеги, гьелъул анализ гьабизеги, магIна бичIчIизабизеги, баян кьезеги бугеб бажари борхизаби;

–батIи-батIиял къагIидабаздалъун художествияб тексталъул хIасил бичIчIизабизеги, жиндирго текст гIуцIизеги, цIалараб жоялъе къимат кьезеги, гьелда тIаса жиндирго пикру загьир гьабизеги гъваридго лъазаби;

– щибаб къойилаб гIумруялъулъги, цIалулъги, хIалтIулъги авар адабияталъул асараздаса пикраби хIалтIизаризе бажари;

– калам камиллъизабизе, каламалдалъун цоцада ричIчIизе ва цоцада гьоркьоб бухьен чIезабизе бугеб бажари це- бетIезаби;

– цIалиялда хурхарал батIи-батIиял хIалтIаби (ай мурад лъезеги, план гIуцIизеги, жиндирго каламалда хадуб хал- кквезеги, цIалараб бичIчIизеги, гьелъул анализ гьабизеги, материал балагьизеги ругьунлъи.

– **Курсалъул гIаммаб характеристика**

– Программаялда чIезабун буго авар адабияталъул курс малъулаго лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине кколеб бажариялъул мухIканаб гIурхъи-рахъ, гьелъ цIалдохъабазулъ куцазе кколел хIасилал.

– «Авар адабият» предметалъ рес кьола гIун бачIунеб гIелалъул гIамал-хасият, напс, рухIияб рахъ битIун ку- цазе. Художествиял асарал цIалигун, цIалдохъабазда бичIчIула рагIул берцинлъиялъул кIвар, ва гьезда лъала авар мацI жиндиего хасиятаб гогьаргун бицине. Лъимал ругьунлъула сипатияб каламалде, шагIирзабазул, хъвада- рухъабазул пасихIаб мацIалде, берцинго, дурусго рагIаби дандразе, калам гIуцIизе, магIнаялда рекъараб форма ба- тизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелъ кIудияб кумек гьабула цIалдохъабазул мацI бечед гьабизе, гьезул каламалъул культура борхизабизе ва берцинго цоцазда бечедаб мацIалдалъун гаргадизе.

– Авар адабияталъул дарсаз рагIул устарлъиялда хадур лъимал гьезарула, камилал художествиял асаразда гьорлъе раккизе ругьун гьарула, пасихIаб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачуна, гьелъул кьучIалда асара- зулъ рихьизарурал жамгIиял гьоркьоблъабаздалъун, гIадамазул гIамал-хасияталдалъун авторасе абизе ва би- хьизабизе бокьараб пикру рагьиялде ва бичIчIиялде рачуна.

– Адабияталъул дарсаз лъимал тIамула миллатазул адаб-хIурмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи хIисабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе гIоло цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабу- ла цогидал миллатазул адабияталдаса авар мацIалде руссинарурал лъикIал асаралгун.

– Программаялда школалда малъизе тIаса рищун руго хъвадарухъабазул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе кIвар бугел, мухIканал асарал.

– Авар адабияталъул дарсида кIалзул гьунарги гьелда тIад хIалтIулеб гIелмуги (литературоведение) жубазабула.Адабият, тIад ургъун гьабураб берцинаб кIалзул гьунар хIисабалда, ккола гIумру лъазабиялъул хасаб къагIида, гьелъул берцинаб куц, нилъеда цебе чIолеб дунялалъул гIелмияб сураталдаса батIияб, гIаданасул гIумруялде батIи-

– яб асар гьабун бажарулеб, хъвараб жо цIалулаго жиндиргоги пикраби цадахъ цIубалеб творчество.
– Адабияталъул дарсазда цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабула художествиял асаразулгунги, гьел асарал хъвараралмагIарулазул ва дагъистаналъул жакъасел ва цересел хъвадарухъабазулгунги.
– Художествиял асарал цIалигун, нилъер лъималазул дунялалдехун бугеб бербалагьи гIатIилъула, гьезда гIеме-раб жо лъала, магIарулазул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул адабияталъул бечелъи ва берцинлъи бичIчIула.

## ЦIАЛУЛ КУРСАЛЪУЛ ГIУЦИИ

### V КЛАСС

### ХАЛКЪИЯБ КIАЛЗУЛ ГЪУНАР

**«ГанчIил вас».**
**«Лъабго гъунар гъабурав бахIарчи».**
**«ХIамаги БацIги»**
**«Кьурулъ хутIарав ГIали»**
**Кицаби ва абиял БицанкIаби**
**ЛъарагIазул халкъияб кечI** «Янгъизасул кечI» **Табасараназул халкъияб кечI** «Мискинлъи» **Даргиязул халкъияб кечI** «Рагъ рикIкIад бугониги...»

### ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ МАРГЪАБИ ВА КЪИСАБИ

**ЦIадаса ХIамзат.** «ГъалбацIги ГIанкIги»
**ГIабдулмажид Хачалов.** «Шахламаз»
**ГIабасил МахIамад.** «ЧIибирикъ»

### XIX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

**Инхоса ГIалихIажияв.** «ТIабигIат берцинаб жо»
**Элдарилав.** «Хъуру-хъара»
**ЦIадаса ХIамзат.** «ГIалибегил гьве»

### ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**Кочхюралдаса СагIид.** «Милъиршо», «АхIе кечI, ле гIащикъ»
**АбутIалиб Гъапуров.** «Дир гIумру»
**ГIазиз Иминагъаев.** «ХIалтIухъанасул гIумру»

### XX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

**ЦIадаса ХIамзат.** «Гьудуллъи лъилгун кквелеб?»
**МухIамад Шамхалов.** «Зурмихъабазул нохъода»
**МухIамад Сулиманов.** «ХIинкъараб сапар» **Расул ХIамзатов.** «Вера Васильевна», «Маша».

**ГӀабдулмажид Хачалов.** «ТӀаса лъугьа, гьалмагъ майор»
**Фазу ГӀалиева.** «Рии тӀадбан буго дир тӀалъиялда», «ЦӀад» (1/2 бутӀа)
**МухӀамад ГӀабдулхӀалимов.** «Инсул мина»
**ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**
**Абумуслим Жафаров.** «СихӀираб ци»
**Кадрия.** «Дир лъимерлъиялда хиял букӀана»

**АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ:**

- Фольклоралъул хӀакъалъулъ баян. Маргъаби ва гьезул тайпаби.
- Микьго гьижаялъул кочӀолаб гӀуцӀи. Хабарияб ва шигӀруяб калам. КочӀол чвахи, аллитерация.
- Хабарияб ва шигӀруяб каламалъул хӀакъалъулъ баян гъварид гьаби. Рифма ва чвахи — кочӀолаб каламалъул пасихӀлъиялъул форма. КочӀол 7 ва 8 гьижаялъул роцен. Адабиял маргъабазул хӀакъалъулъ бичӀчӀи. Халкъияздаса гьезул батӀалъи.
- Эпитеталъул хӀакъалъулъ баян.
- Дандекквеялъул баян. РагӀул битӀарабги хъвалсарабги магӀна.
- Дандекквеялъул рахъалъ баян гъварид гьаби. РагӀул хъвалсараб магӀнаялъул хӀакъалъулъ бичӀчӀи гӀатӀид гьаби.
- Асаралъул теория. Асаралъул темаялъул ва аслияб пикруялъул хӀакъалъулъ авалияб баян.
- Дандекквей такрар гьаби, гьелъул кӀвар кочӀолъ рагьи.
- Адабияв багьадурасул хӀакъалъулъ авалияб баян. Гаргар ва авторасул калам рекъонккеялъул кӀвараталъул бичӀчӀи гӀатӀид гьаби.
- Эпитеталъул хӀакъалъулъ баян гӀатӀид гьаби.
- Хабаралъул хӀакъалъулъ баян.

**VI КЛАСС**

**ХАЛКЪИЯБ КӀАЛЗУЛ ГЬУНАР**

**«Къайицадахъал»**
**«Ралъдал чу»**
**«МугӀрузул ГӀали»**

## ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ МАРГЬАБИ ВА КЪИСАБИ

**ГІабдулмажид Хачалов:** «Г1акъилаб къадако»

**ГІумархІажи Шахтаманов.** «Халкъалъул щцин»

## XIX ГІАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

**Инхоса ГІалихІажияв.** «Рицинин цо хабарал», «Кицабиял алфазал (ГІакълудал ралъадалдаса)

**ХъахІабросулъа МахІмуд.** «РекІелъ ияхІ бугев...»

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**ГІумарил Батирай.** БахІарчиясул хІакъалъулъ кучІдул «Жамав ханасул илхъи цо дуцаго хъамулев...», «Ва- ракъалъул жалги ккун...», «Рагъ-кьал тІаде бачІани...», «БахІарчияв инсуе...», «ЧІаго таги бахІарчи...», «ЦІар рагІарав бахІарчи...»

**Ахтиса ХІажи.** «Мискинчияс гІакълу кьуни», «Цо кагъат битІе»

**Йирчи Гъазахъ.** «Икъбал», «Сибиралдаса кагъат»

**Кьуркълиса Щаза.** «ТуманкІул хІараялъуб», «КІанцІи хехаб мугІрул чан», «Саву ккун, хъахІлъун бугин», «РоцІараб къоялъ батун...»

## XX ГІАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

**ЦІадаса ХІамзат.** «Шамил», «Чоде», «Пилги ЦІунцІраги», «Маймалакги цІулал устарги»

**Заид ХІажиев.** «ХІанчІикІкІал», «Цакьуги Циги»

**Ражаб Дин-МухІамаев.** «Хиянатчи»

**Расул ХІамзатов.** «Россиялъул солдатал», «Къункъраби»**Фазу ГІалиева.** «МагІарулав», «Дир рахьдал мацІ» **ХІусен ХІажиев.** «ГІалибегил къулгІа»

**МухІамад ГІабдулхІалимов.** «Госпиталалъул вас»

**Багъатар.** «Дихъ ралагь ун чІа, мугІрул», «ЩІияв гьудул», «Гъайирбегица бицараб хабар», «БацІилгун рагъ»,

**«ТІабигІаталъул сурат»**

## АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ:

- Халкъиял кIалзул асаразул аслиял тайпаби (маргъаби, кучIдул, кицаби, абиял, бицанкIаби) такрар гьари. ГIажаибал маргъабазул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. Гиперболаялъул ва кидагосел эпитетазул хIакъалъулъ баян.
- Кидагосел эпитетал.
- Халкъиял маргъабаздаги хъвадарухъабаз ургъараздаги гьоркьоб батIалъи.
- КочIол къотIелалъул (строфа) хIакъалъулъ авалияб баян.
- Метафоралъул хIакъалъулъ авалияб баян.
- Баснялъул хIакъалъулъ баян. Аллегория- лъул хIакъалъулъ бичIчIи.
- Метафораялъул хIакъалъулъ бичIчIи жеги гъварид гьаби.
- Хабарияб асаразул тайпаби. Хабар. Къиса.
- Метафораялъул хIакъалъулъ бичIчIи гъварид гьаби.
- Асаралъул гIуцIиялъул (композицилъул) хIакъалъулъ авалияб баян.
- Къисаялъул хIакъалъулъ баян гъварид гьаби.
- Пейзажияб лирика.
- Очеркалъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. Хабаралъул хIакъалъулъ баян.

## VII КЛАСС

### ХАЛКЪИЯБ КIАЛЗУЛ ГЬУНАР

**«Бокьуларо, эбел, рии бачIине»**

**«Бокьуларо, эбел, рии бачIине»**

**«Исубханги вехьги»**

**«Азайнисей»**

**«Хочбар» (З. ХIажиевас къачIараб)**

**«Унсоколоса ХIожоги гуржиявги»**

### XIX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

**Инхоса ГIалихIажияв.** «ГIелму ва жагьлу»
**ЦIадаса ХIамзат.** «Дибирги гIанхвараги», «Ашбазалде»

## XX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

**Асадулагь МухIамаев.** «МагIарулай» (кIиго кесек): «АхIмад тIадвуссин», «Маккикъор»
**МухIамад Хуршилов.** «ГIандалал»
**Тажудин Таймасханов.** «К1илк1азе биун т1ураб гулла»
**МухIамад Сулиманов.** «Васигат»

**Расул ХIамзатов.** «Эбелалъ дир кинидахъ», «Дагъистаналъул рохьал», «МагIарулал»
**Муса МухIамадов.** «Инсул гьалбал»
**Фазу ГIалиева.** «Эбеладда гьикъе», «МагIарулазул нус»
**Багъатар.** «Чадил кесек»
**МухIамад Гунашев.** «ЦIадулал соназул учитель»

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**Къияс Мажидов.** «МугIрузул цIумазе хвел букIунадай»
**Багьавудин Митаров.** «Бице гьудулзабазда»
**ГIалирза СагIидов.** «ГIазул тIаргъал», «РачIа гьудулзаби»
**МухIамад-Расул.** «Эбелалъул рахIму»
**АбутIалиб Гъапуров.** «Квешлъиялъе квешлъи»

- АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ: Асаралъул гIуцIиялъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.
- Сатираялъул хIакъалъулъ авалияб баян.
- Адабияталъул аслиял тайпаби: эпос, лирика ва драма (авалияб баян).
- Поэмаялъул хIакъалъулъ авалияб баян.
- ШигIруяб ва хабарияб каламалъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. КочIол гIуцIи. Анкьго ва анцIила цо гьижаялъул роцен, гьезул чвахи.

- Адабияб хасият-гIамалалъул хIакъалъулъ авалияб баян.
- Асаралъул гIуцIиялъул (композициялъул) хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби

Поэмаялъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. МацIалъул пасихIлъи, хIалуцин, аллитерациялъул бечелъи. Анкьго гьижаялъулроцен ва гьелъул

**АВАР АДАБИЯТАЛЪУЛ ТАРИХИЯБ КУРС VIII КЛАСС**

## XIX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

**17-19 гI. адабият.** Обзор.

**Хьаргабиса МухIамадбег.** «ГIонкIкIолги дирги ккараб»

**Къудукьа Мусал МухIамад.** «МагIарда гIазу буго»

**ГIаймакиса Абубакар, Кудалиса ХIасан**. «УнкъцIул хисулеб дунял», «Леян ахIидал ахIмакъ», «Чи хIалалда то-ларо»

**Инхоса ГIалихIажияв.** «Гьекъел-мехтел», «Исрапчиясде», «Ракь»

**ЧIикIаса МухIамад.** «АхIулгохI бахъиялъул кечI»

**Ругъжаса Элдарилав.** «Жергъен гьартун ккана»

**Бакьайч1иса ЧIанкIа.** «Сайгидул БатIалиде», «ТIалхIатиде»

**ХъахIабросулъа МахIмуд.** «ХъахIилаб зодихъе багIарбакъул нур», «Почтовой кагътиде керенги чучун», «РосдалбетIералда, тIохил рагIалда…»

**Инхелоса Къурбан.** «Наибзаби хIелун», рокьул лирика: «Борхатаб магIарда», «ГIенекке, йокьулей», «Бахъа,къалам»

**ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**

**Къалухъа Мирза.** «Ханасе жаваб», «ГIашикъ булбул»

**Йирчи Гъазахъ.** «Векьарухъанасул кечI»

**Ятим Эмин.** «Васият», «КъватIул харбал цIалкIулел херал руччабазде»

**Мунги АхIмад.** «КъатIра ритIухълъи гьечIеб, панаяб дунял», «Шамилил суд»

## XX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

**ЦIадаса ХIамзат.** «Айдемир ва Умайгьанат», «ГIумруялъул дарсал»**МухIамад Хуршилов. «**Сулахъалъ нугIлъи гьабула» («Кьода нус») **МухIамад Шамхалов.** «Вац»

**ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**
**Анвар Аджиев.** «БахIарчиясул куркьби» **Юсуп Хаппалаев.** «Оцбай», «Халкъияб кечI»**Муталиб Митаров.** «Устар» (къокъ гьабураб)

## АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ:

- *Тарихиябгун адабияб процессалъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи.*
- *Художествияб сипаталъул хIакъалъулъ баян.*
- *Сипатияб каламалъул(мацIалъул) хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.*
- *Антитеза, (баян). 11 гьижаялъул кочIол роцен.*
- *Художествияб каламалъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.*
- *Драмаялъул асаразул аслиял тайпаби. Комедия. Драмаялъул асаралъул сюжет.*
- *Хабариял асаразул тайпаби такрар гьари. Романалъул хIакъалъулъ бичIчIи.*

## IX КЛАСС

## 1950-90 СОНАЗДА АВАР АДАБИЯТ

**Расул ХIамзатов.** «Дир ракI мугIрузда буго», «Дир Дагъистан» (гьелдаса «МацI», «Хъвадарухъанасул захIмат», «Хъвадарухъанасул ритIухълъи, лебаллъи», «Сундасан мун данде гьабун бугеб, Дагъистан?», «Гьаб улкаялда чивижараб куц»), «Эбелалде», «Авар мацI», «Милъиршаби»

**ГIабдулмажид Хачалов.** «Хваразул цIаралдасан»

**Муса МухIамадов.** «Манарша» (къокъ гьабураб)
**ХIажи Гъазимирзаев.** «Васасде», «Гъудуласде», «Лъалхъуге, дир барти»

**Машидат Гъайирбекова.** «Эбелалъул ракI», «Эбелалъул кечI», «КочIолъ батана дир рухI»
**ЦIадаса ХIамзат.** «Балагьалъул гъамас»

**Фазу ГIалиева.** «Кини», «МугIрузул закон»

**ГIабасил МухIамад. «Саба Меседо»,** «Дун росулъа вас вуго» «Литературияб математика»

**ГIумар-ХIажи Шахтаманов.** Лирика: «Къаралазул гIор», «РачIа, гьудулзаби», «ГIандадерил хIор»
**ГIарип Расулов.** «Хазина»
**Багъатар.** «Севералда бугеб дир милъиршо», «ЦIадакьа бахчулеб дир чанил бурутI»
**МухIамад АхIмадов.** Лирика: «Дие бокьун буго», «Сардалги къоялги къацандулелъул...», «Гьале гIазу балеб...», «ЧIужугIадан», «Инхоса ГIалихIажи, яги заманаялъул баллада».
**ГIадалло ГIалиев.** Лирика.
**ГIабдула Даганов.** «ЦIияб сон» (хабар)
**Гъалбац1ов Гъ.** «Сонетал»
**ХIамзаев М.** «ЦIуне, Аллагь, Дагъистан», «МагIарул мацI», «Нилъ руго магIарулал», «Кида магIарухъе нахъ рус-синел нилъ», «Сапаралги рихун»
**ХIасанов Ж**. «Эбел», «Лъаларо, кида дилъ тIатараб ВатIан», «ЧанцIулха вачарав рекIел хиялаз»

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**Хизгил Авшалумов.** «Дир мадугьал – дир тушман»

**Нурадин Юсупов.** «Гьавураб къо» (поэма)
**АхIмадхан Абу-Бакар.** «Даргиязул ясал», «Магьидул хъалиян», «КIиго херлъи»
**Ибрагьим ХIусейнов.** «Имам Шамилги ягьудияв Юсупги»
**Жачаев А., Атабаев М., МухIамадов Б.**

## АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ:

- Позмаялъул хIакъалъулъ баян жеги гIатIид гьаби.
- Пейзажияб лирикаялъул хIакъалъулъ баян гьварид гьаби.
- Асаралъул гIуцIиялъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.
- Трагедиялъул хIакъалъулъ баян. Драматургиял асаразул хIакъалъулъ бичIчIи гьварид гьаби.
- Художествияб адабияталъул баян гIатIид гьаби.
- КочIол анлъжугъабазул гIуцIи.

## Темаялъул, пикруялъул ва адабияб сипаталъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби

### ЦIалул предмет лъазабиялъул хIасилал

Федералияб пачалихъияб лъай кьеялъул стандарталъул (хадубккун – ФГОС) тIалабазда рекъон, «Авар адаби- ят» лъазабун хадуб, цIалдохъаби гьал хадусел ***напсиял, метапредметиял ва предметиял*** хIасилазде щола:

### Напсиял хIасилал

*«Авар адабият» лъазабиялъул лъикIал хIасилал ккола* ***цIалул*** ва ***тарбия кьеялъул*** хIаракатал цадахъ хIалтIиза- руни, адабияталъул социалияб, маданиябгун-рухIияб къимат бугел, жамагIаталъ къабул гьарурал хьвада- чIвадиялъул, тIадегIанаб гIамал-хасияталъул, яхI-намусалъул бицарал асарал малъиялдалъун.

Гьез кумек гьабула цIалдохъанасе живго жиндаго лъазе, тарбия щвезе, цеве тIезе, жиндирго пикру ккун чIезе.

«Авар адабияталъ» малъиялъул хIасилаз бихьизабула цIалдохъан кин хIадур вугевали жиндирго лъай гIатIид ва гъварид гьабизе, гьеб аслиял тарбия кьеялъулал мурадал тIураялде буссинабизе.

Тарбия кьеялъул аслиял бутIаби ккола:

Гражданияб тарбия кьеялъул рахъалъан

- щивав инсанасул ихтиязарул, эркенлъабазул, цогидал гIадамазул закониял ихтияразул, хIажалъабазул хIурматгьаби;
- адабияталъул асаразулъ кколел лъугьа-бахъиназда рекъон хъизаналъулъ, цIалулъ, росдал ва пачалихъалъулгIумрудулъ жигараб гIахьаллъи гьаби;
- экстремизм ва дискриминация къабул гьабунгутIи;
- инсанасул гIумруялъулъ социалиял институтазул бакI бичIчIи;
- адабияталъул асараздасан мисал босун, ккаралъур цоцазе кумек гьабизе хIадурал рукIине;
- школалъул хасал тадбиразда жигар бахъун хIалтIизе ва гIадамазе пайдаялъе хIалтIизе (волонтёрство).

ВатIан бокьиялъул тарбия кьеялъул рахъалъан

- жив Россиялъул ва Дагъистаналъул гражданин вукIин бичIчIи;
- ВатIаналдехун рокьи ва адаб-хIурмат бижизаби, ВатIаналдаса ва миллатал гIемераб Республикаялдаса чIухIи;
- жив магIарулав вукIин бичIчIи, гIагараб ракьалъул ва жиндирго миллаталъул маданият, тарих, мацI лъай;
- ВатIаналда цебе жиндирго налъи тIубазе кколеблъиялъул ва жавабчилъиялъул асар куцай;
- маданияб, динияб гIумруялъулъ гражданияб цолъи цIуни;
- адабияталъул асаразулъ загьирлъарал пачалихъалъул бергьенлъабазе – гIелмиял, маданиял, спорталъул, техноло-гиязул рахъалъ, захIматалъул, рагъулал – битIараб къимат кьей;
- пачалихъалъул символазул, байрамазул, тарихияб ва тIабигIияб ирсалъул, батIиял миллатазул гIадатазул адаб-хатир гьаби.

Рухlияб тарбия кьеялъул рахъалъан

- гIадамазул гIумруялъул, маданияталъул, мацIалъул рахъалъ ругел батIалъаби хIисабалде росараб жакъасеб гIел-муялъул даражаялда ва жамгIияб практикаялда дандекколеб цогояб бичIчIи лъугьинаби;
- асаразул багьадурзабазул рухIияб дуниялалъе битIараб къимат кьезе бажари;
- ккараб мехалъ тIадегIанаб гIамал-хасияталъул, яхI-намусалъул, хьвада-чIвадиялъул гIадамазул рахъалде цIайигьаби;
- жамгIаталда рилълъанхъарал моралиял къагIидабазда рекъон хьвади;
- асоциалиял ишал нахъчIвазе бажари, жидерго ва цогидазул рукIа-рахъиналъе, хьвада-чIвадиялъе битIарабкъимат кьезе бажари;
- живго эркенав инсан вукIин бичIчIи;
- жинца гьарулел ишаздехун жавабчилъиялъул бербалагьи куцай;
- жамгIаталъе пайдаял ишалги, цIалулгин гIелмиял, цIех-рехалъулал, творческиял ва цогидал хIалтIабиги гьару-лаго, чIахIиязулгун ва гIисиназулгун, цадахъ хIалтIулел гIелцоязулгун гьоркьоблъи гьабизе бажари;
- инсанасул ва жамгIияталъул гIумруялъулъ хъизаналъул кIвар бичIчIи, хъизамалда гьоркьоб гьабулеб гIумру- ялъул къиматал рахъал къабул гьари, ва жидерго хъизамалда гьоркьоре унел гIадамаздехун хIурматияб ва тIала- балъулаб бербалагьи гIуцIи.

Эстетикияб тарбия кьеялъул рахъалъан

- батIияв чиясдехун ва гьесул пикруялдехун, щивав чиясул цо сундениги бугеб бербалагьиялдехун, диналдехун,мацIалдехун, маданияталдехун, гIадатаздехун ва тарихалдехун хIалбухълъи гьечIеб балагьи лъугьинаби;
- цогидазулгун гар-гар гьабизе, гьел ричIчIизе хIадураллъун ва бажари бугеллъун куцай;
- гIел бащадазда ва чIахIиязда гьоркьоб хьвада-чIвадизе лъай, школалъул жидецаго жидеего нухмалъи гьабулелгIуцIабазулъ ва жидерго гIелалъе дандеккараб жамгIияб гIумруялъулъ гIахьаллъи гьаби;

- искусствоялъул, адабияталъул эмоционалияб (рекIее асар гьабулеб) хасият бихьи;
- адабияталъулъ ва искусствоялъул цогидал тайпабазулъ жалго загьир гьаризе бугеб рес бихьи ва гьеб ресалдасапайда босизе ругьунлъи;

Россиялъул ва Дагъистаналъул халкъаз нилъее тарал искусствоялъул, адабияталъул, кIалзул гьунаралъул бе-челъиги къиматги бичIчIи

Сахлъи цIуниялъул тарбия кьеялъул рахъалъан

- цIаларал асаразул мисалалда, жиндирго гIумруялъул хIалбихьи хIисабалде босун, инсанасул гIумруялъул кIвар,къимат бичIчIи;
- жиндирго сахлъиялдехун жавабчилъиялъулаб бербалагьи куцай, ва гьеб цIунизе пайдаял тадбирал гьаризе ккейбичIчIи;
- заралиял гIамалал (гьекъей, хъалиян цIай, наркотикал хIалтIизари) ва гьел хьвадизариялъул хIасил бичIчIи;
- сахлъи цIуниялъул мурадалда интернеталдаса ва тIабигIаталдаса битIун пайда боси;
- хIинкъи гьечIеб ва сах-саламатаб гIумру гьабизе лъай;
- гIадамазул сахлъиялъеги гIумруялъеги хIинкъи бугел лъугьа-бахъинал ккараб мехалъ, хьвада-чIвадиялъулкъагIидабиги лъай;

. ЗахIматалъул тарбия кьеялъул рахъалъан

- бокьараб хIалтIул ва хIалтIухъанасул къимат ва адаб гьаби;
- адабияталъул асараздаса ва жидерго гIумруялъул лъаялдаса, хIалбихьиялдаса пайда босун, батIи-батIиял пиша- базул, хIалтIабазул хIакъалъул лъай ва баянал гIатIид гьари;
- жиндирго пиша камилъизабиялъул мурадалда тIубараб гIумруялъ цIалдезе ккей бичIчIи, литературиял багьадур- забаздасаги мисал босун;
- сверухъе ругел тIасарищизе бегьулел, жиндиего рокьулел махщелазул хIисабги гьабун, лъай босиялде жиндирго бугеб чIарахьараб гьираги хIисабалде босун, лъай босиялъе хадубккун жиндаго хасаб нух бичIчIун тIаса бищи вагьелда рекъон цIали гIуцIи.

Экологияб тарбия кьеялъул рахъалъан

- жамгIиял ва тIабигIиял гIелмабазул кумекалдалъун жиндиего щвараб лъаялдаса пайдаги босун, гьелда рекъонрорцине жиндирго ишал ва гьезул ккезе бегьулел хIасилал;
- рухIчIаголъабазул ва хурдузул сверухъ бугеб дунялалдехун ва цоцаздехун бугеб бухьеналъул яги гьоркьоблъи-ялъул бицунеб гIелмуялъул (экология) лъай ва маданияб даража борхи;
- сверухъ бугеб тIабигIаталъе рекIкI гьабулел ишал гьарунгутIи ва гьединал ишал хIехьезе кIунгутIи, адабия-талъул мисалаздеги мугъчIвай гьабун;
- сверухъ бугеб тIабигIаталдехун цIуна-къараб бербалагьи букIинаби, тIабигIат цIуниялъул мурадалда ишал гьар-изе хIадурав вукIин.

Г Іелму малъиялъул кІвар

- жиндирго ва сверухъ ругезул эмоционалияб хІалалъе къимат кьезе ва гьеб низамалда чІезабизе бажари, адабия- талдаса мисалазде мугъчІвайги гьабун;
- жиндирго ва цогидазул хьвада-чІвадиялъулъ гъалатІ ккезе рес ва ихтияр букІин бичІчІи

- щай жив цІалулев вугев, щиб мурадалъе гІоло жинца лъай борхизабулеб бугебали бичІчІун, жиндирго лъай бо-сиялдехун ва борхизабиялдехун, пикру-гІакълу цебетІезабиялдехун жавабчилъиялъул бербалагьи лъугьинаби;
- хъвада-чІвадиялъул, вукІа-вахъиналъул суалазулъ инсан ва тІабигІат, жамагІат цебетІеялъул хІакъалъулъ ругелахирисел гІелмиял баяназде, бербалагьиялде, хасго жамгІиял ва тІабигІиял гІелмабазде мугъчІвай гьаби;
- малъарал ва жинцаго цІаларал асаразде мугъчІвайги гьабун, тІабигІатгун ва жамагІатгун инсанасул бугеб бухьенбичІчІи;
- сверухъ бугеб дуниял бичІчІизе, гьелда нахъгІунтІизе мурадалда каламалъул ва цІалдохъанлъиялъул даражаборхизаби;
- адабият малъиялдаса пайдаги босун, цІех-рех гьабиялъул лъай ва бажари щула гьаби;
- мацІ ва адабият лъазабиялъ тІолго дуниял лъазе нух рагьи.
- 

**Метапредметиял хІасилал**

- Жинца гьабулеб цІалиялъул, живго жиндаго чІун, мурад бихьизабизе, цІалиялъулъ жиндиего цІиял масъалабилъезе, лъай борхизабиялъулъ гьира цІикІкІинабизе;
- жиндирго мурадал тІуразариялъе гІоло, живго жиндаго чІун, планал гьаризе; цІалул ва лъай борхизабиялъулмасъалаби тІуразе, хІасил кьолел къагІидаби ричІчІун тІаса рищизе;
- калам ва гаргар гьабиялъул къагІидаби дандрекъон кколедухъ хІалтІизаризе лъазе, каламалъул монологиял вадиалогиял формабаздаса ва гьезул батІи-батІиял тайпабаздаса пайда босизе;
- жинцаго тІоритІулел хІалтІаби пландалда рухьинаризе (дандеккезаризе); жинцаго гьабулеб хІалтІуда хадуб хал-кквезе; цере лъурал масъалабазул ва тІалабазул гІорхъода гьарулел хІалтІабазул къагІидаби чІезаризе;
- цІалул масъала тІубаялъул дурусльиялъе ва гьеб тІубазабизе жиндирго бугел ресазе битІараб къимат кьезе лъай;
- жиндиего битІараб къимат кьезеги жиндаго хадуб халкквезеги бажари; цІалул ва нахъгІунтІиялъул хІалтІабитІасарищизе лъай;
- рагІабазул магІна бихьизабизе, гІаммаб хІасил гьабизе, цоцада рельълъинаризе, цоцада рельълъарал предметалтайпабазде рикьизе; гьел тайпабазде рикьиялъе кьучІ ва роцен балагьизе;
- гІиллаялъулаб бухьен чІезабизе, цІех-рех гьабизе, цоцалъ рекъезарун пикраби загьир гьаризе, ургъун хІасилгьабизе ва цІияб хІасилалде вачІине бажари;
- мугІалимасда ва гІел бащадазда цадахъ цІалиялда хурхарал хІалтІаби гьаризе, къокъаялъулъ живго цохІо, батІагохІалтІизе;
- дагІба-рагІи ккараб мехалъ, киназулгогунги рекъезабун, киназулго ругел мурадалги хІисабалде росун, гІаммабхІукмуялде

вачIине;

- жиндирго пикру загьир гьабизе бажари;
- жинца загьир гьабураб пикру битIараб букIин бихьизабизе, далил бачине ва къеркьезе бажари;
- жиндирго ишалъул план гьабизе ва гьеб рукIалиде ккезабизе,
- жиндирго рекIел асар, пикраби ва тIалабал ричIчIизаризе, гара-чIвари гьабиялъул мурадалда калам гьабиялъехIажалъулел къагIидаби ричIчIун хIалтIизаризе бажари;
- информациялъулабгин-коммуникативияб технологиялдаса пайда босизе бажари;
- батIи-батIиял пикраби загьир гьаризе ихтияр букIиналъе мукIурлъизе ва, гьебги хIисабалдеги босун, цадахърекъон хIалтIизаризе жигар бахъи;
- жиндирго пикру ва ракIчIей цогидазда бичIчIизабизе, гьелъие къучIал хIужжаби рачине;
- цадахъ рекъон хIалтIулаго ва гIаммаб хIукмуялде рачIунаго, жиндирго пикру цогидазул пикругун рекъезабизебажари;
- хIукму гьабилалде ва битIараб пикру тIаса бищилалде цебе батIи-батIиял пикраби мухIкан гьаризе ва дандеккве-зе бажари;
- цадахъ хIалтIулаго, дандекколарел мурадал ругониги, гIаммаб хIукмуялде рачIине бажари;
- жиндирго иш гIуцIиялъе ва дандиявгун рекъон хIалтIиялъе дандекколел суалал лъезе бажари.

**Предметиял хIасилал:**

- МагIарулазул ва цогидал халкъазул фольклоралъул, авар ва цогидал Дагъистаналъул миллатазул адабияталъул лъазарурал асаразул аслиял темаби ва церечIарал масъалаби ричIчIизе;
- жинцаго цIализе фольклоралъул асарал тIасарищизе;
- жинцаго загьир гьабураб кIалзул ва хъвавул каламалъулъ фольклоралъул гIисинал жанрал (кицаби, абиял ва гь.ц.) хIалтIизаризе;
- дандекколеб интонацияги цIунун, маргьаби ва къисаби пасихIго цIализе;
- жиндирго каламалъулъ халкъиял маргьабазе хасиятал художествиял къагIидабиги хIалтIизарун, маргьаби ри- цине;
- маргьабазулъ гьезие хасиятал художествиял къагIидаби ратизе ва гьелъул къучIалда маргьабазул жанрал ратIагь- аризе, литературияб маргьа фольклориялдаса батIабахъизе;
- батIи-батIиял халкъазул маргьаби дандекквезе, гьезулъ щибаб халкъалъул хьвада-чIвадиялъул мурадлъун бугел рахъал кин рихьизарун ругелали бихьизе (цогидал халкъазулги жиндирго халкъалъулги мурадлъун ругел хасия- тазулъ (идеалазулъ) гIаммаб жо ва батIалъи батизе); маргьа яги къиса ургъизе (цо кициялда рекъонги бегьула), яги хадуб-цебе рекъараб, цо магIнаяб мухъ цIунарабхабар ургъизе;
- батIи-батIиял халкъазул кочIодалъун хъварал бахIарчилъиялъул тарих бицунел асарал дандекквезе ва гьезулмиллиял хаслъаби ратIагьаризе;

- мухIканал хасал рихьизариялги нухмалъиялъе росун, живго жиндаго чIун цIализе, батIи-батIиял халкъазул кIал-зул асарал тIасарищизе;
- темабазул, церечIарал масъалабазул ва сипатазул рахъалъ батIи-батIиял халкъазул фольклоралъул асаразда гьор-кьор ругел хурхенал чIезаризе (ре-лълъенлъи ва батIалъи хIисабалде босун);
- тексталъул жанралъулгин-сипаталъул тIабигIатги хIисабалде босун, дандекколедухъ анализ гьабулеб къагIидатIасабищизе;
- художествияб тексталъулъ поэтикаялда хурхарал бакIал ратизе, гьелъул художествияб ва магIнаялъулаб кIварбихьизе;
- баян кьураб хасияталъул цогидазул текстал дандекквезе ва хIужжабаздалъун гьезие къимат кьезе;
- искусствоялъул батIиял алатаздалъун гIуцIарал художествияб тексталъул баяназе (интерпретациялъе) къимат кьезе;
- литературиял асараздаги гьел хъвараб заманалдаги гьоркьоб бугеб бухьен бичIчIизе; гьезулъ бугеб заманалъ хи- сизабулареб, ай киналго заманазе дандекколеб рухIияб бечелъиялъул жакъа къоялдехун бугеб хурхен загьир гьабизе;
- литературияб асаралъул анализ гьабизе, гьеб кинаб тайпаялъул, жанралъул бугебали чIезабизе, литературияб асаралъул тема, идея, рухIияб пафос баян гьабизе ва бичIчIизе, гьелъул героязе къимат кьезе, цо яги чанго аса- ралъул героял дандекквезе бажари;
- асаралъулъ сюжеталъул, композициялъул бутIаби, мацIалъул хаслъаби рихьизари, асаралъул идеялъулабгин- художествияб магIна рагьизе гьезул бугеб кIвар (филологияб анализалъул бутIаби) бичIчIи, литературияб аса- ралъул анализ гьабулаго, бищунго гIадатаб литературоведениялъул терминология лъай;
- авар адабияталъул ва маданияталъул рухIиялгин-хьвада-чIвадиялъул, адабалъул къиматал жалазда ракI хурхина- би, гьел цогидал халкъазул рухIиялгин-хьвада-чIвадиялъул къиматал жалгун дандекквей;
- адабияталъул асараздехун жиндирго хасаб пикру лъугьин ва гьезие къимат кьей;
- малъарал, лъазарурал литературиял асаразул хIакъалъулъ (цо-цо мехалъ, хIажалъиялда рекъон) жиндаго бичIчIу-леб баян кьей;
- героялдехун авторасул ва жиндирго гьоркьоблъи загьир гьаби;
- гIенеккун батIи-батIиял жанразул литературиял асарал ричIчIи, пикру гьабун цIали ва цIалараб асар дандрекъон кколедухъ битIун бичIчIи;
- харбидалъун, ай прозаялдалъун хъварал асарал яги гьезул бутIаби, рахьдал мацIалъул сипатиял алатаздаса ва тексталдаса росарал цитатаздаса пайдаги босун, цIидасан рицинеги, цIалараб яги гIенеккун рагIараб тексталда тIаса лъурал суалазе жавабал кьезеги, кIалзул формаялда батIи-батIияб тайпаялъул монологал загьир гьаризеги, диалог гIуцIизеги бажари;
- лъазарурал асараз тематикаялда, проблематикаялда хурхарал темабазда тIаса изложениял яги сочинениял, клас- салда яги рокъор кьурал творческиял хIалтIаби, адабияталъул ва гIаммал культуриял темабазда тIаса рефератал хъвай;
- рагIабаздасан гIуцIараб искусствоялъул гьунар хIисабалда, адабияталъул дандекквеязул тIабигIат, адабияталъул асаразул берцинлъи, эстетика бичIчIи;
- рахьдал мацIалъул рагIул бугеб эстетикияб кIварги адабияталъул асаразул художествиял сипатал гIуцIиялъулъ, мацIалъул

**КЛАССАЗДЕ РИКЬУН ПРЕДМЕТИЯЛ ХIАСИЛАЛ:**

**5 класс**

1) адабияталъул инсаниятальулаб кIвар ва гьелъ ватIаналде рокьи, халкъазда гьоркьоб гьудуллъи бижизабизе;

2) хъвадарухъанлъи махщел букIин ва адабияталъул асаразул гIелмиял, публицистикиял асараздаса батIалъибичIчIизе;

3) художествияб асар бичIчIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьелъие баян кьеялъул аслиял гьунарал це-ретIезаризе;

- асаралъул тема ва идея битIун чIезабизе, адабияталъул тайпабазул ва жанразул хIакъалъулъ аслияб бичIчIи букIине, героязул сипатал рахъизе лъай, шигIрияб ва прозаялъулаб мацIалъул батIалъи чIезабизе;
- аслиял адабияталъул терминазул магIна бичIчIизе, лъазе ва гьел асаралъул анализ гьабулаго битIун хIалтIиза- ризе бажаризе, гьезие битIараб баян кьезе бажаризе: художествияб адабият ва халкъияб кIалзул гьунар; проза ва поэзия; художествияб образ; адабияталъул жанрал (халкъияб маргьа, хабар, къиса, кечI, басня); тема, идея, про- блематика; сюжет, композиция; адабияталъул героязул мацIалдалъун гьезул сипат бахъизе; портрет, пейзаж, художествияб алат; эпитет, дандекквей, метафора, олицетворение; аллегория; наку (ритм), рифма;
- цIаларал асаразул темаби, сюжетал ва образал цоцада дандекквезе лъазе;
- фольклоралъул ва адабияталъул асарал цогидал махщалил тайпабигун (кино, театр, суратал рахъи, музыка) учителасул кумекалдалъун яги живго жиндаго чIун дандекквезе лъазе;

4) пасихIго цIализе ва 5 кечI рекIехъе лъазабизе, гьез жиндиего гьабураб асар загьир гьабизе бажаризе;

5) цIалараб асаралъул хIасил бицине бажари (дурусаб, къокъ гьабураб яги тIаса бищараб бутIаялъул), цIала-ралда тIасан суалазе жавабал кьезе ва жинцаго суалал лъезе бажари;

6) цIаларал асаразда тIасан гьабулеб накъиталда, хабаралда гъорлъ гIахьаллъизе, асаралъе битIараб къиматкьезе хIужаби ралагьизе лъазе;

7) кIалзулаб ва хъвавулаб калам цебетIезабизе, батIи-батIиял жанразул хIалтIаби тIуразариялдалъун (70 вацIикIкIун рагIиялдаса гIуцIараб);

8) фольклориял ва адабияталъул асаразе къимат кьезе ва гьезул баян гьабизе бажаризе;

9) сверухъ бугеб дуниял лъикI лъаялъе, рухIияб цIебетIеялъе, эстетикияб ва эмоционалияб асар щвеялъефольклоралъул ва адабияталъул бугеб кIвар бичIчIизе;

10) паракъатаб заманалда цIалулел асаразул сияхI мугIалимгун данд-бай, цIиял асарал цIалиялдалъун гIакълукамил гьабизе;

11) мугIалимасул нухмалъиялда гьоркь цIалул проектал гIуцIиялда гьорлъ гIахьаллъизе ва гьел рихьизаризеругьунлъизе;

12) Словарал, справочникал, электронниял ресал битIун хIалтIизаризе бажаризе.

**6 класс**

1) адабияталъул инсаниятalъулаб кIвар ва гьелъ ватIаналде рокьи, халкъазда гьоркьоб гьудуллъи бижизаби;

2) хъвадарухъанлъи махщел букIин ва адабияталъул асаразул гIелмиял, публицистикиял асараздаса батIалъибичIчIи;

3) художествияб асар бичIчIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьелъие баян кьеялъул гьунар цебетIезабизе;

- асаралъул тема ва идея битIун чIезабизе, адабияталъул тайпабазул ва жанразул хIакъалъулъ аслияб бичIчIи букIине, асаралъул героясул ва авторасул позиция бичIчIизе ва рагьизе бажари; героязул сипатал рахъизе лъай, шигIрияб ва прозаялъулаб мацIалъул батIалъи чIезабизе;
- аслиял адабияталъул терминазул магIна бичIчIи ва гьел асаралъул анализ гьабулаго битIун хIалтIизаризе бажа- ризе, гьезие битIараб баян кьезе бажари: художествияб адабият ва халкъияб кIалзул гьунар; проза ва поэзия; художествияб образ; адабияталъул жанрал (халкъияб маргьа, хабар, къиса, кечI, басня); тема, идея, проблемати-ка; сюжет, композиция; адабияталъул героязул мацIалдалъун гьезул сипат бахъи; портрет, пейзаж, художестви- яб алат; эпитет, дандекквей, метафора, олицетворение; аллегория; наку (ритм), рифма;
- художествияб формаялъул алатал ратизе ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен загьир гьабизе;
- батIи-батIиял асарал, гьезул бутIаби, темаби, сюжетал ва образал цоцада дандекквезе лъазе;
- фольклоралъул ва адабияталъул асарал цогидал махщалил тайпабигун (кино, театр, суратал рахъи, музыка)учителасул кумекалдалъун данде-кквезе лъазе;

4) пасихIго цIализе ва 7 кечI рекIехъе лъазабизе, гьез жиндиего гьабураб асар загьир гьабизе бажари;

5) цIалараб асаралъул бицине бажари (дурусаб, къокъ гьабураб яги тIаса бищараб бутIаялъул), цIалаpалдатIасан суалазе жавабал кьезе ва жинцаго суалал лъезе бажари;

6) цIаларал асаразда тIасан гьабулеб накъиталда, хабаралда гьорлъ гIахьаллъизе, асаралъе битIараб къиматкьезе хIужаби ралагьизе лъазе;

7) кIалзулаб ва хъвавулаб калам цебетIезабизе, батIи-батIиял жанразул хIалтIаби тIуразариялдалъун (100 вацIикIкIун рагIиялдаса гIуцIараб);

8) эстетикияб кIвар, магIнаялде кIвар кьун цIали (смысловое чтение) ресалги хIалтIизарун, малъарал фольк-лорията ва адабияталъул асаразе къимат кьезе;

9) сверухъ бугеб дуниял лъикI лъаялъе, рухIияб цIебетIеялъе, эстетикияб ва эмоционалияб асар щвеялъефольклоралъул ва адабияталъул бугеб кIвар бичIчIи;

10) паракъатаб заманалда цIалулел асаразул сияхI мугIалимгун дандбай, цIиял асарал цIалиялдалъун гIакълукамил гьаби;

11) мугIалимасул нухмалъиялда гъоркь цIалул цадахъал (коллективный) проектал гIуцIиялда гъорлъ гIахьаллъизе ва гьел рихьизаризе ругьунлъизе;

12) словарал, справочникал, электронниял ресал битIун хIалтIизаризе бажари.

## 7 КЛАСС

1) Адабияталъул инсаниятальулаб ва рухIиябгун-намусалъул рахъалъ къимат, гьелъул ВатIаналдехун рокьи бижизабиялъулъ, гIемер миллатазул Россиялъул халкъазда гьоркьоб гьудуллъиялъул ва цолъиялъул асар куца- ялъулъ гьелъул бугеб кIвар бичIчIизе;

2) Адабият искусствоялъул тайпа букIин бичIчIизе, художественнияб текст гIелмияб, ишалъулаб яги публици- стикияб тексталдаса батIа-бахъизе лъай;

3) Халкъияб кIалзул гьунаралъул ва художественнияб литератураялъул магIнаялъулаб ва эстетикияб анализ гьаби; цIалараб бичIчIи, гьелъул анализ гьаби ва гьелъие къимат кьезе, адабияталъул асаразулъ дунялалъул худо- жественнияб къагIидаялъ сурат бахъун букIин бичIчIизе:

форма ва магIна хIисабалде босун асаралъул анализ гьабизе; гьелъул тема, проблематика ва идеияб магIна загьир гьабизе, кинаб тайпаялде (род) гъорлъе унебали чIезабизе; багьадурасул, авторасул ва бицунев чиясул (рас- сказчик) позиция рагьизе лъазе; гIахьаллъулел героязе – персонажазе къимат кьезе; асаралъул аслияб тунка-гIуси (конфликт) ва гIуцIцIиялъул хаслъаби ратизе; асаралъулъ халкъалъ нравственниялгун философиял, тарихиял ва эс- тетикиял суалазде жиндирго бугеб бербалагьи, бичIчIи загьир гьабун букIин бихьизабизе; художественнияб аса- ралъул (шигIрияб ва прозаялъул) мацIалъул хаслъи загьир гьабизе;адабияталъул теориялда хурхарал баяназул магIна ва гьел хIалтIизариялъул аслиял къагIидаби лъазе, аса- ралъул анализ гьабулелъул гьездаса пайда босизе малъизе, жидерго гъалатIал ва халкквеял битIун рихьизаризе ба- жаризе; хъвавулаб адабият ва халкъиял кIалзул гьунаразул асарал; проза ва поэзия; художествияб сипат; тайпа (ли- рика, эпос, драма), жанрал (хабар, къиса, роман, поэма, кечI); литературияб асаралъул форма ва гIуцIцIи; тема, идея, проблематика, пафос (бахIарчилъиялъул, патриотикияб, гражданственнияб ва гь. ц); сюжет, композиция, эпи- граф; лъугьа-бахъин цебетIеялъул бутIаби: экспозиция, завязка, лъугьа-бахъин цебетIей, кульминация, развязка; автор, хабар бицунев чи (рассказчик), литературияв багьадур, лирикияв багьадур, багьадурасул хабаралъул харак- теристика; сурат (портрет), пейзаж, интерьер, художествияб деталь; юмор, ирония, сатира; эпитет, метафора, дан- декквей; олицетворение, гипербола; антитеза, аллегория; анафора, кочIол роцен.

- Асаразулъ художественнияб формаялъул рахъал рихьизаризе ва гьезда гьоркор бухьенал ратизе;
- Асарал дандекквезе, гьезул кескал, сипатал, сюжетал дандекквезе, темаби, проблемаби, жанрал, художестви- ял ресал, мацIалъ ул хаслъи дандекквезе;

- цIаларал асарал искусствоялъул батIиял тайпабигун (живопись, музыка, театр, кино) дандекквезе;

4) кучIдул ва прозаялъул асарал пасихIго цIализе, 9-ялдаса дагьал гьечIел кучIдул рекIехъе лъазаризе;

5) батIи-батIиял къагIидабиги хIалтIизарун, цIаларалъул къокъаб хIасил бицине, цIалараб асаралда тIасан лъурал суалазе жаваб кьезе ва жидецаго суалал лъезе, къокъаб хIасил бицине, фабула рагьизе лъазе;

6) цIаларалда тIасан гьабулеб накъиталда, кIалъаялда гъорлъ гIахьаллъи гьабизе, авторасул позициягун жиндир- го позиция дандекквезе, цIаларалъе къимат кьезе;

7) батIи-батIияб тайпаялъул (жанразул) кIалзул ва хъвавул хIалтIаби тIуразаризе (150 ва цIикIкIун рагIудаса гIуцIараб), хасаб темаялда цIалараб асаралде мугъчIвай гьабун, сочинение-рассуждение хъвазе, учителасул бетIерлъиялда гъоркь жинцаго хъварал текстазда гъалатIал ратизе ва гьел ритIизаризе; доклад, конспект, аннота- ция, эссе, хъвазе къваригIараб информация балагьизе лъазе;

8) эстетикияб кIвар, магIнаялде кIвар кьун цIали (смысловое чтение) ресалги хIалтIизарун, малъарал асаразе къимат кьезе;

9) сверухъ бугеб дуниял лъикI лъаялъе, рухIияб цIебетIеялъе, эстетикияб ва эмоционалияб асар щвеялъе фольк- лоралъул ва адабияталъул бугеб кIвар бичIчIизе;

10) паракъатаб заманалда цIалулел асаразул сияхI мугIалимгун дандбазе, цIиял асарал цIалиялдалъун гIакълу ка-мил гьабизе;

11) мугIалимасул нухмалъиялда гъоркь цIалул проектал гIуцIиялда гъорлъ гIахьаллъизе ва гьел рихьизаризеругьунлъизе;

12) энциклопедиял, словарал, справочникал, электронниял ресал битIун хIалтIизаризе бажари.

## 8 КЛАСС

1) Адабияталъул инсаниятальулаб ва рухIиябгун-намусалъул рахъалъ къимат, гьелъул ВатIаналдехун рокьи бижизабиялъулъ, гIемер миллатазул Россиялъул халкъазда гьоркьоб гьудуллъиялъул ва цолъиялъул асар куца- ялъулъ гьелъул бугеб кIвар бичIчIизе;

2) адабият искусствоялъул тайпа букIин бичIчIизе, художественнияб текст гIелмияб, ишалъулаб яги публици- стикияб тексталдаса батIа-бахъизе лъай;

3) халкъияб кIалзул гьунаралъул ва художественнияб литератураялъул магIнаялъулаб ва эстетикияб анализ гьаби; цIалараб бичIчIи, гьелъул анализ гьаби ва гьелъие къимат кьезе, адабияталъул асаразулъ дунялалъул худо- жественнияб къагIидаялъ сурат

бахъун букIин бичIчIизе:

- форма ва магIна хIисабалде босун, асаралъул анализ гьабизе; гьелъул тема, проблематика ва идеияб магIна загьир гьабизе, кинаб тайпаялде (род) гьорлъе унебали чIезабизе; багьадурасул, авторасул ва бицунев чиясул (рас- сказчик) позиция рагьизе лъазе; гIахьаллъулел героязе – персонажазе къимат кьезе; асаралъул аслияб тунка-гIуси (конфликт) ва гIуцIцIиялъул хаслъаби ратизе; асаралъулъ халкъалъ нравственниялгун философиял, тарихиял ва эс- тетикиял суалазде жиндирго бугеб бербалагьи, бичIчIи бихьизаби; художественнияб асаралъул (шигIрияб ва проза-ялъул) мацIалъул хаслъи загьир гьабизе;

адабияталъул теориялда хурхарал баяназул магIна ва гьел хIалтIизариялъул аслиял къагIидаби лъазе, аса- ралъул анализ гьабулелъул гьездаса пайда босизе малъизе, жидерго гьалатIал ва халкквеял битIун рихьизаризе; хъвавулаб адабият ва халкъиял кIалзул гьунаразул асарал; проза ва поэзия; художествияб сипат; тайпа (лирика, эпос, драма), жанрал (хабар, къиса, роман, поэма, кечI); литературияб асаралъул форма ва гIуцIцIи; тема, идея, проблематика, пафос (бахIарчилъиялъул, патриотикияб, гражданственнияб ва гь. ц); сюжет, композиция, эпиграф; лъугьа-бахъин цебетIеялъул бутIаби: экспозиция, завязка, лъугьа-бахъин цебетIей, кульминация, развязка; автор, хабар бицунев чи (рассказчик), литературияв багьадур, лирикияв багьадур, багьадурасул хабаралъул характеристи- ка; сурат (портрет), пейзаж, интерьер, художествияб деталь; юмор, ирония, сатира; эпитет, метафора, дандекквей; олицетворение, гипербола; антитеза, аллегория; анафора, эпифора, кочIол роцен. Наку (ритм), рифма, аллитерация

- цIаларал асаразул тарихиябгун-адабияталъул рахъалъ хал гьабизе (асар хъвараб тарихияб заманалде, гьеб гьорлъе унеб литературияб тайпаялде кIвар кьун, анализ гьабизе;
    - асаразулъ художественнияб формаялъул рахъал рихьизари ва гьезда гьоркор бухьенал рати;
    - асарал дандекквезе, гьезул кескал, сипатал, сюжетал дандекквезе, темаби, проблемаби, жанрал, художествиялресал, мацIалъул хаслъи дандекквезе;
    - цIаларал асарал искусствоялъул батIиял тайпабигун (живопись, музыка, театр, кино) дандекквезе;

4) кучIдул ва прозаялъул асарал пасихIго цIализе, 11-ялдаса дагьал гьечIел кучIдул рекIехъе лъазаризе;

5) батIи-батIиял къагIидабиги хIалтIизарун, цIаларалъул къокъаб хIасил бицине, цIалараб асаралда тIасан лъурал суалазе жаваб кьезе ва жидецаго суалал лъезе, къокъаб хIасил бицине, фабула рагьизе;

6) цIаларалда тIасан гьабулеб накъиталда, кIалъаялда гьорлъ гIахьаллъи гьабизе, авторасул позициягун жиндир- го позиция дандекквезе, цIаларалъе къимат кьезе;

7) батIи-батIияб тайпаялъул (жанразул) кIалзул ва хъвавул хIалтIаби тIуразаризе (200 ва цIикIкIун рагIудаса гIуцIараб), хасаб темаялда цIалараб асаралде мугъчIвай гьабун, сочинение-рассуждение хъвазе, учителасул бетIерлъиялда гьоркь жинцаго хъварал текстазда гьалатIал ратизе ва гьел ритIизаризе; доклад, конспект, аннота- ция, эссе, отзыв хъвазе; батIи-батIиял цитатабиги хIалтIизарун, литературиябгун-творческияб хIалтIи хъвазе къва- ригIараб информация балагьизе;

8) эстетикияб кIвар, магIнаялде кIвар кьун цIали (смысловое чтение) ресалги хIалтIизарун, малъарал асаразе къимат кьезе;

9) сверухъ бугеб дуниял лъикI лъаялъе, рухIияб цIебетIеялъе, эстетикияб ва эмоционалияб асар щвеялъе фольк- лоралъул ва адабияталъул бугеб кIвар бичIчIизе;

10) паракъатаб заманалда цIалулел асаразул сияхI мугIалимгун данд-базе, цIиял асарал цIалияллдалъун гIакълукамил гьабизе;

11) мугIалимасул нухмалъиялда гъоркь цадахъал (коллективиял) цIалул проектал гIуцIиялда гъорлъ гIахьаллъизева гьел рихьизаризе ругьунлъизе; цIех-рех гьабиялъул хIалтIаби гьаризе;

## 9 КЛАСС

1) Адабияталъул инсанияталъулаб ва рухIиябгун-намусалъул рахъалъ къимат, гьелъул ВатIаналдехун рокьи бижизабиялъулъ, гIемер миллатазул Россиялъул халкъазда гьоркьоб гьудуллъиялъул ва цолъиялъул асар куца- ялъулъ гьелъул бугеб кIвар бичIчIизе;

2) адабият искусствоялъул тайпа букIин бичIчIизе, художественнияб текст гIелмияб, ишалъулаб яги публици- стикияб тексталдаса батIа-бахъизе лъай;

3) халкъияб кIалзул гьунаралъул ва художественнияб литератураялъул магIнаялъулаб ва эстетикияб анализ гьаби; цIалараб бичIчIизе, гьелъул анализ гьабизе ва гьелъие къимат кьезе, адабияталъул асаразулъ сверухъ бугеб дунялалъул художественнияб къагIидаялъ сурат бахъун букIин бичIчIизе:

- форма ва магIна хIисабалде босун асаралъул анализ гьабизе; гьелъул тема, проблематика ва идеияб магIна загьир гьабизе, кинаб тайпаялде (род) гъорлъе унебали чIезабизе; багьадурасул, авторасул ва бицунев чиясул (рас- сказчик) позиция рагьизе лъазе; гIахьаллъулел героязе – персонажазе къимат кьезе; асаралъул аслияб тунка-гIуси (конфликт) ва гIуцIцIиялъул хаслъаби ратизе; асаралъулъ халкъалъ нравственниялгун философиял, тарихиял ва эс- тетикиял суалазде жиндирго бугеб бербалагьи, бичIчIи бихьизаби; художественнияб асаралъул (шигIрияб ва проза- ялъул) мацIалъул хаслъи загьир гьабизе; хъвадарухъанасул хатIалъе хасиятал калам пасихI гьабулел ресал ратизе, авторасул мацIалъул ва стилалъул хаслъи рагьизе ва гьез асаралъулъ тIуразарулел масъалаби рихьизаризе;

адабияталъул ва халкъиял кIалзул гьунаралъул асарал; проза ва поэзия; художественнияб сипат, лъугьа- бахъин (факт), ургъун бахъи (вымысел); адабияталъул чвахиял (романтизм, реализм), тайпаби (лирика, эпос, дра- ма), жанрал (хабар, къиса, роман, комедия, трагедия, драма, баллада, кочIолаб сайигъат (послание), поэма, ода, эле-гия, сонет); литературияб асаралъул форма ва гIуцIцIи; тема, идея, проблематика, пафос (бахIарчилъиялъул, патри- отикияб, гражданственнияб ва гь. ц); сюжет, композиция, эпиграф; лъугьа-бахъин цебетIеялъул рахас: экспозиция, завязка, лъугьа-бахъин цебетIей, кульминация, развязка, эпилог; лирикияб отступление; конфликт; образазул читIир (система); автор, хабар бицунев

- чи (рассказчик), литературияв багьадур, лирикияв багьадур, багьадурасул

хабаралъул характеристика; сурат (портрет), пейзаж, интерьер, художественнияб деталь; символ, бахчараб магӀна (подтекст), психологизм; реплика, диалог, монолог; ремарка; юмор, ирония, сатира; эпитет, метафора, дандекквей; олицетворение, гипербола, параллелизм; риторикияб суал; инверсия, антитеза, аллегория; анафора, кочӀол роцен. Наку (ритм), рифма, аллитерация, строфа, афоризм;

- цӀаларал асаразул тарихиябгун-адабияталъул рахъалъ хал гьабизе (асар хъвараб тарихияб заманалде, гьеб гьорлъе унеб литературияб тайпаялде кӀвар кьун, анализ гьабизе;
- асарал малъулел хъвадарухъабазул биографиязул бищун кӀвар бугел лъугьа-бахъиназул, литературиябгун та- рихияб цебетӀеялъул хаслъабазул, авторасул гьездехун бугеб бербалагьиялъул, асаразул проблематикаялъул хӀакъалъулъ лъазе;
- асаразулъ художественнияб формаялъул рахъал рихьизари ва гьезда гьоркор бухьенал ратизе; цӀалараб аса- ралъул тайпаялъул (род), жанриял хасиятал ратизе;
- асарал дандекквезе, гьезул кескал, сипатал, сюжетал дандекквезе, темаби, проблемаби, жанрал, художествиялресал, мацӀалъул хаслъи дандекквезе;
- цӀаларал асарал искусствоялъул батӀиял тайпабигун (живопись, музыка, театр, кино, балет, компьютерияб графика) дандекквезе;

4) кучӀдул ва прозаялъул асарал пасихӀго цӀализе, 12-ялдаса дагьал гьечӀел кучӀдул рекӀехъе лъазаризе;

5) батӀи-батӀиял къагӀидабиги хӀалтӀизарун, цӀаларалъул къокъаб хӀасил бицине, цӀалараб асаралда тӀасан лъурал суалазе жаваб кьезе ва жидецаго суалал лъезе, къокъаб хӀасил бицине, фабула рагьизе;

6) цӀаларалда тӀасан гьабулеб накъиталда, кӀалъаялда гьорлъ гӀахьаллъи гьабизе, авторасул позициягун жиндир- го позиция дандекквезе, цӀаларалъе къимат кьезе;

батӀи-батӀияб тайпаялъул (жанразул) кӀалзул ва хъвавул хӀалтӀаби тӀуразаризе (250 ва цӀикӀкӀун рагӀудаса гӀуцӀараб), хасаб темаялда цӀалараб асаралде мугъчӀвай гьабун, сочинение-рассуждение хъвазе, учителасул бетӀерлъиялда гьоркь жинцаго хъварал текстазда гъалатӀал ратизе ва гьел ритӀизаризе; доклад, конспект, аннотация, эссе, отзыв хъвазе; батӀи-батӀиял цитатабиги хӀалтӀизарун, литературиябгун-творческияб хӀалтӀи хъвазе къва-ригӀараб информация балагьизе;

1) эстетикияб кӀвар, магӀнаялде кӀвар кьун цӀали (смысловое чтение) ресалги хӀалтӀизарун, малъарал асаразе къиматкьезе;

2) сверухъ бугеб дуниял лъикӀ лъаялъе, рухӀияб цӀебетӀеялъе, эстетикияб ва эмоционалияб асар щвеялъе фолькло-ралъул ва адабияталъул бугеб кӀвар бичӀчӀизе;

3) паракъатаб заманалда цIалулел асаразул сияхI мугIалимгун данд-базе, цIиял асарал цIалиялдалъун гIакълу камилгьабизе;

4) мугIалимасул нухмалъиялда гъоркь цадахъал (коллективиял) цIалул проектал гIуцIиялда гъорлъ гIахьаллъизева гьел рихьизаризе ругьунлъизе; цIех-рех гьабиялъул хIалтIаби гьаризе;

5) энциклопедиял, словарал, справочникал, электронниял ресал битIун хIалтIизаризе бажаризе; учителасулбетIерлъиялда гъоркь электронный библиотекабиги ва цогидалги интернеталъул ресал, ИКТял хIалтIизаризе

## ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

**5 класс**

Кинабниги – **34** сагIат

Асарал малъизе – **28** сагIат

Калам цебетIезабизе – **4** сагIат

Класстун къватIисеб цIали – **2** сагIат

| Разделал ва темаби | СагIтазул къадар | Гъарулел хIалтIабазул аслияб тайпаби | план | факт |
|---|---|---|---|---|
| **Гъорлъе лъугьин – 1 сагIат** | | | | |
| Гъорлъе лъугьин.<br>Адабият рагIул пиша хIисабалда.<br>Адабияталъулги фольклоралъулги бухьен.<br>Хъвавулаб адабият бижиялъе фольклоралъул ккараб кIвар.Дагъистаналъул пачалихъиял символал: герб, байрахъ, гимн. | 1 | • Фольклолралдаги хъвавулаб адабияталдаги гьоркьоб бугеб батIалъи рагьизе (коллективность, анонимность, вариатив- ность, традиционность, кIалалъ хвехун тIибитIи).<br>• «Дагъистаналъул пачалихъиял символал: герб, байрахъ, гимн» темаялда тIасан проект гIуцIиялъулъ гIахьаллъи. | | |
| **ХАЛКЪИЯБ КIАЛЗУЛ ГЪУНАР – 6 САГIАТ** | | | | |
| **МАРГЬАБИ:** | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **«Лъабго гьунар гьабурав бахIарчи»**<br>Инсанасе бищун тIадегIанаб рухIияб бечелъи ВатIан букIин маргьаялъул аслияб магIна. Инсанасул лъикIал рахъазе рецц гьаби. ЛъикIлъиялъ квешлъи къезаби. ТIабигIат мукIур гьабизе инсанасул букIараб анищ. Маргь- абалъ кколел гIажаибал ишал. Маргьаялъул мацI ва гьеб гIуцIун букIунеб куц. Маргьабазул гIадатлъи ва пасихIлъи.<br>**«ХIамаги БацIги»**<br>БоцIуца гIорцIиялъ цулъарав бечедав чиясул бацIилаб гIантлъиги, бокьа-бокьараб гьабизе бегьулин ккейги, хIалтIуца чурхъарав мискинчи хIисабалда хIамил цIодорлъиги маргьадулъ бихьизабун бугеб куц. ХъантIи, зулму гьаби халкъалъ какулеб букIин. РитIухълъиялъ бер- гьенлъи босизе букIиналде халкъалъул хьул. | 2<br><br><br><br><br><br><br><br>1 | □ Дандекколеб интонацияги цIунун, маргьаби пасихIго цIали- зе.<br>□ Жиндирго каламалъулъ халкъиял маргьабазе хасиятал ху- дожествиял къагIидабиги хIалтIизарун, маргьаби рицине.<br>□ Маргьабазулъ гьезие хасиятал художествиял къагIидаби ратизе ва гьелъул кьучIалда маргьабазул жанрал ратIагьари- зе, литературияб маргьа фольклориялдаса батIабахъизе.<br>□ Маргьабазул тайпаби цоцаздаса ратIарахъизе (гIажаибал, хIайваназул бицунел, рукIарахъиналъул бицунел).<br>□ Маргьаялдаги биценалдаги гьоркьоб бугеб батIалъи би- хьизабизе.<br>□ Маргьа бутIа-бутIаккун пасихIго цIализе.<br>□ Маргьаялъул аслиял героязе ва аслиял лъугьа- бахъиназехарактеристика кьезе.<br>□ Маргьаялъул магIна бицине.<br>□ РичIчIуларел рагIаби ратизе ва гьезие баян кьезе. | | |
| Калам цебетIезабизе | | | | |
| Маргьаби | 1 | □ БатIи-батIиял халкъазул маргьаби дандекквезе, гьезулъ щибаб халкъалъул хьвада-чIвадиялъул мурадлъун бугел рахъал кин рихьизарун ругелали бихьизабизе (цогидал хал- къазулги жиндирго халкъалъулги мурадлъун ругел хасията- зулъ (идеалазулъ) гIаммаб жо ва батIалъи батизе).<br>□ Маргьа ургъизе (цо кициялда рекъонги бегьула).<br>□ Живго жиндаго чIун цIалараб маргьа бицине. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **БИЦЕНАЛ ВА АБИЯЛ** | | | | |
| **«ГанчIил вас»**<br>ВатIан хиралъи — биценалъул аслияб магIна. МагIарула- зул къвакIи, ВатIаналъе гIоло рухI бичизе хIадурал рукIин гьитIинав васасул мисалалдасан бихьизаби. Залимав тала- вурчи Тимурида ва гьесул чукъбузда тIад васас рухIияб бергьенлъи боси. «ВатIан хириясе хвел букIунаро» абураб- халкъияб аби биценалъ тасдикъ гьаби. | 1 | • Халкъияб бицен пасихIго цIализе.<br>• Аслияв героясе характеристика кьезе.<br>• Маргьабазда, абиязда ва биценазда хурхун суалал лъезе.<br>• Маргьабазда, абиязда, биценазда хурхун, жавабал кьезе.<br>• Асаралъул бутIа рекIехъе лъазабизе. | | |
| **ФОЛЬКЛОРАЛЪУЛ ГIИСИНАЛ ЖАНРАЛ** | | | | |
| **Кицаби ва абиял**<br>Кицабазулъ ва абиязулъ гIагараб ракьалде рокьи, инсана- сул сахаватлъи, бахIарчилъи, гIакъиллъи, рухIияб бечелъи, гьединго хиянатлъи, макру, кIухIаллъи, чIухIи-пахрулъи, къарумлъи, кIвар гьечIолъи гвангъун загьир гьаби. Кицаби ва абиял — халкъияб гIакълуялъул хазина. Кицабазул ва абиязул хаслъи — пасихIлъи ва къокълъи. МацIалъул ка- миллъи ва гIужиллъи. Кицабазул битIараб ва хъвалсараб магIна.<br>**БицанкIаби**<br>БегIераб пагьмуялда, гвангъараб сипатияб нухалда хал-къалъул гIакълуги берзул цIодорлъиги бицанкIабазда жа- ниб загьирлъи. БицанкIабазул хаслъи | 1 | Кицаби ва абиял цоцаздаса ратIарахъизе кинал шартIал руге-лали бицине.<br>Учителас кьураб темаялде данде кколел аваразул ва гIуруса-зул кицаби ратизе ва данде кквезе.<br>Хъвавул ва кIалзул каламалъулъ гьел кицаби ва абиялхIалтIизаризе.<br>БицанкIабазул хаслъи бихьизабизе.<br>БицанкIаби жидецаго ургъизе ва цоцазе чIвазе. абиял словаралдаса росун хъвазе, гьел гъорлъе ккезарун, текст (сочинение, эссе) ургъизе.<br>БицанкIаби жидецаго ургъизе ва цоцазе чIвазе | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | ругел хурхенал чIезаризе (рельлъенлъи ва батIалъи хIиса- балде босун).<br>• Искусствоялъул батIиял алатаздалъун гIуцIарал художе- ствияб тексталъул баяназе (интерпретациялъе) къимат кьезе (масала, «Кьурулъ хутIарав Гали» кечI ва гьелдаса рахъарал суратал) | | |
| **ЛИТЕРАТУРИЯЛ МАРГЬАБИ – 4 САГIАТ** | | | | |
| **ЦIадаса ХIамзат.**<br>**«ГъалбацIги гIанкIги»**<br>Зулмучиясул ахир хвалдалъун лъугIулеблъи — маргьа- ялъул аслияб пикру. Бищун хIинкъараблъун толеб ГIанкIил бахIарчилъи — гIакъилаб букIин. ГъалбацI хвеялъе гIилла<br>— жиндаса бергьунеб жанавар бегьуларин абураб пахрулъи, къуваталда мугъчIвай. МагIирукъалъул бакIалда гIалхуда бертин гьабиялъе гIилла. Маргьаялъул хъвалсараб магIна. Маргьа хъвараб кочIолаб каламалъул чвахи, па-<br>сихIлъи, сипатлъи. | 2 | • Маргьаби бутIа-бутIаккун пасихIго цIализе.<br>• Халкъиял маргьабиги хъвадарухъабазул маргьабиги дан-декквезе.<br>• Маргьабазул тайпаби цоцаздаса ратIарахъизе.<br>• Маргьаялдаги биценалдаги гьоркьоб бугеб батIалъи би-хьизабизе.<br>• Маргьа пасихIго цIализе.<br>• Асаралъул бутIа рекIехъе лъазабизе. | | |
| **Адабияталъул теория** | | | | |
| • Микьго гьижаялъул кочIолаб гIуцIи. Хабарияб ва шигIруяб калам. КочIол чвахи, аллитерация. | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **ГIабдулмажид Хачалов**<br>**«Шахламаз»**<br>РакIалда канлъи бихьулей бецай ессарухъаналъул цIодорлъи, пахруяв ханасул лъавукълъи ва пахрулъи. ЗахIматчагIазул сахаватлъи, сабрулъи кIодо гьабун, тIад- чагIазул магIна гьечIеб чIобогояб гIумру какун бугеб куц. Халкъияб маргьаялъул гIадатаб мацI, ритIухълъи бергьин,<br>тIекълъи къей — гIумруялъул закон. | 1 | • Маргьа пасихIго цIализе.<br>• Аслияв багьадурасе къимат кьезе.<br>• Маргьаялъул аслиял багьадурзабазе ва аслиял<br>• Маргьаялъул магIна бицине.<br>• РичIчIуларел рагIаби ратизе ва гьезие баян кьезе.<br>• Маргьаялда хурхун суалал кьезе. Хъван яги бицун, суалазе жавабал кьезе.<br>• Авторасул кинаб бербалагьи маргьаялъул багьадурзабазде-хун бугебали ралагьизе | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **ГIабасил МахIамад**<br>**«ЧIибирикъ»**<br>«БахIарчи хъабчилъ ватула» абураб кици-маргьаялъул ас- лияб магIна. Маргьаялъул багьадур ЧIибирикъил гIадатлъиги мискинлъиги, махсара хIалае ккун, бихьизабун бугеб куц. ЧIибирикъил гьунар. Ханасул «баркала». Хана- сул ясалъ ЧIибирикъ тIасавищиялъе гIилла. Бечелъиялъе ва чилъиялъе авторас кьолеб къимат. Инсанасул талихI, бе- челъиялъулъ гуреб, чилъиялъулъ букIин. Махсараялъул<br>(юморалъул) хIакъалъулъ баян. | 1 | • Маргьа пасихIго цIализе.<br>• Аслияв багьадурасе къимат кьезе.<br>• Маргьаялъул аслиял багьадурзабазе ва аслиял лъугьа-бахъиназе къимат кьезе.<br>• Маргьаялъул магIна бицине.<br>• РичIчIуларел рагIаби ратизе ва гьезие баян кьезе.<br>• Маргьабазда хурхун суалал кьезе.<br>• Маргьабазда хурхун, хъван яги бицун, жавабал кьезе. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ** | | | | |
| • Хабарияб ва шигIруяб каламалъул хIакъалъулъ баян гъварид гьаби. Рифма ва чвахи — кочIолаб каламалъул пасихIлъиялъул форма.КочIол 7 ва 8 гьижаялъул роцен. Адабиял маргъабазул хIакъалъулъ бичIчIи. Халкъияздаса гьезул батIалъи. | | | | • |
| **XIX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ – 5 САГIАТ** | | | | |
| **Инхоса ГIалихIажи**<br>**«Т1абиг1ат берцинаб жо»,**<br>Берцинлъи ц1унизе ккола, гьелъ инсанасул рух1ияб дунял бечед гьабула – коч1ол аслияб пикру. Коч1ол мац1алъул пасих1лъи, пикруялъул гъварилъи. Г1агараб т1абиг1аталъул бицунелъул, шаг1 ирасул Ват1аналде бугеб рокьи загьирлъулеб куц. | 1 | • ПасихIго асар цIализе.<br>• Асаралда тIасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе.<br>• Тексталъул жанралъулгин сипаталъул тIабигIатги хIисабал- де босун, дандекколеб анализ гьабулеб къагIида тIаса- бищизе.<br>• «ТIабигIат берцинаб жо» рек1ехъе лъазабизе. | • | • |
| • Эпитеталъул хIакъалъулъ баян. | | | | |
| **Ругъжаса Элдарилав**<br>**«Хъуру-хъара»**<br>Инсанасул гIумруялъулъ ритIухълъи гьечIолъи шагIирас каки. ТIадчагIаз «хъуру-хъара» — ян мискинзаби инжит гьариялде данде шагIирасул гьаракь.<br>«Росу берцин»: чIужугIаданалъул берцинлъи, напс кIодо гьаби – шагIирасул лирикаялъул хаслъи. | 1 | • ПасихIго асар цIализе.<br>• Асаралда тIасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе.<br>• Тексталъул жанралъулгин сипаталъул тIабигIатги хIисабал- де босун, дандекколеб анализ гьабулеб къагIида тIаса- бищизе. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Кочхюралдаса СагӀид**<br>**«Милъиршо»**<br>**«АхIе кечI, ле гIащикъ»**<br>ТIабигIаталъул берцинлъи — милъиршо. Ихдал бачIунеб, хаслихъе унеб эркенаб хIанчIида шагIирасул бахиллъи. Живги эркенлъиялде ца- дахъ вачеян милъиршоялда гьари.<br>**«АхIе кечI, ле г1 ащикъ»** — машгьурав лезгияв ашугасул программияб асар. Жиндир тIолабго шигIрияб гьунар гIадатал гIадамазул ракIал гIатIид гьаризе ва гьезул пашманлъи тIаса босиялде кочIохъаби ахIи. | 1 | • КучIдул пасихIго цIализе.<br>• ЦIаларалда тIасан суалазе жавабал кьезе ва жинцаго суалаллъезе. | • | • |
| **АбутIалиб Гъафуров**<br>**«Дир гIумру»**<br>НекIо магIарулазул мискинзабазул букIараб кьогIаб, язихъаб гIумруялъул сурат. Бечедал устарзабаз ругьун гьаризе ккун рукIарал лъималазул гъин кваналеб букIараб куц. Чалабил сипат. Гьесул вахIшилъи, къарумлъи, рухIияб мискинлъи. Мискинав васасул рухIияб бечелъи, эркенлъиялде цIайи ва гьелде батараб нух. | 1 | • Лъугьа-бахъиналъул яги багьадурасул хIакъалъулъ жиндир-го пикру загьир гьабизе.<br>• ПасихIго асар цIализе.<br>• Асаралда тIасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе. | • | • |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ** | | | | |
| • Дандекквеялъул баян. РагІул битІарабги хъвалсарабги магІна. | | | | |
| **ГІазиз Иминагаев**<br>**«ХІалтІухъанасул гІумру»**<br>НекІо хІалтІухъабазул букІараб кьогІаб къисмат кочІолъ гвангъун бихьизабун бугеб куц. Гьеб асар пачаясул хІуку маталда чІвалеб гІайиблъун букІин.<br>ШагІирас хІалтІухъаби эркенлъи тІалаб гьабиялде кантІизари - | 1 | • ПасихІго асар цІализе.<br>• Асаралда тІасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **20 ГІ. 1-СЕБ БАЩАЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТ – 5 САГІАТ** | | | | |
| **ЦІадаса ХІамзат**<br>**«Гьудуллъи лъилгун кквелеб?»**<br>КочІол насихІатаб хасият.<br>Гьудуллъиялъул хІакъалъулъ шагІирасул пикраби.<br>МацІалъул пасихІлъи ва сипатлъи. | 1 | • Лъугьа-бахъиналъул яги багьадурасул хІакъалъулъ жиндир-го пикру загьир гьабизе.<br>• ХІажатаб тІехь балагьизе интернеталдаса, библиотекаялда каталогаздаса пайда босизе.<br>• ПасихІго асар цІализе.<br>• Асаразда тІасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе.<br>• КечІ рекІехъе лъазабизе. | | |
| **АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ** | | | | |
| • Дандекквеялъул рахъалъ баян гьварид гьаби. РагІул хъвалсараб магІнаялъул хІакъалъулъ бичІчІи гІатІид гьаби. | | | | |
| **МухІамад Шамхалов**<br>**«Зурмихъабазул нохъоде»**<br>ГІисалги Расулилги гьудуллъиялъул щулалъи. ГІиял гьой | 2 | • Лъугьа-бахъиналъул яги багьадурасул хІакъалъулъ жиндир-го пикру загьир гьабизе.<br>• ПасихІго асар цІализе. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Игитги лъималги.<br>Расулилги ГӀисалги захӀматалдехун бугеб бербалагьи.<br>Хъвадарухъанас ГӀисаеги, Расулиеги, Игиталъеги кьолеб къимат. | | • Асаралда тӀасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе. | | |
| **МухӀамад Сулиманов**<br>**«ХӀинкъараб сапар»**<br>ЦӀияб гӀумруги гӀагараб ракьги Самиеги Набиеги хирияб букӀиналъе нугӀлъи гьабулел гьезул ишал.<br>Набилги Самилги гьудуллъи. Мекъалдеги битӀаралдеги лъималазул бербалагьи ва гьелъул хӀасил.<br>Лъималазул бахӀарчилъи. | 2 | • Лъугьа-бахъиналъул яги багьадурасул хӀакъалъулъ жиндир-го пикру загьир гьабизе.<br>• ПасихӀго асар цӀализе.<br>• Асаралда тӀасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе. | • | • |
| Калам цебетӀезабизе | | | | |
| **20 ГӀ. 1-СЕБ БАЩАЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТ** | 1 | • Учителас кьураб темаялда тӀасан проект гӀуцӀиялъулъгӀахьаллъизе.<br>• «Гьудуллъи лъилгун кквелеб» абураб темаялда, ялъуни малъарал асаразулъа бищун вокьарав багьадурасулхӀакъалъулъ сочинение хъвазе. | | |
| **АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ** | | | | |
| • Асаралъул теория. Асаралъул темаялъул ва аслияб пикруялъул хӀакъалъулъ авалияб баян. | | | | |
| **20 ГӀ. 2-ЛЕБ БАЩАЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТ – 8 САГӀАТ** | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Расул ХIамзатов**<br>**«Вера Васильевна», «Маша»**<br>**«Вера Васильевна».** Халкъазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи ва цебетIей — кочIол аслияб пикру. ГIурус чIужугIаданалъ магIарулазе гьабураб ракIбацIцIадаб кумек. Миллатазда гьоркьоб рагъульги хIалтIульги тIегьан | 1 | • Лъугьа-бахъиналъул яги багьадурасул хIакъалъулъ жиндир-го пикру загьир гьабизе.<br>• Учителас кьураб темаялда тIасан («Гьудуллъи-вацлъи», ма-сала) проект гIуцIиялъулъ гIахьаллъи.<br>• ХIажатаб тIехь балагьизе интерненталдаса, библиотекаялда<br>каталогаздаса пайда босизе. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| бачIараб щулияб гьудуллъи — къуват.<br>**«Маша».** Рагъда лъадарараб гьудуллъи-вацлъи хадубккунги тIегьай.<br>«Маша» абураб цIар лъеялъе гIилла. КочIол рохалилаб ва пашманаб бакъан. Лъималазде бугеб кIудияб ва хIеренаб рокьи загьир гьабизе шагIирас хIалтIизабураб махсара, симпатиял рагIаби. Дандекквеялъул ва эпитеталъул кIвар. | 1 | • Бищун вокьарав асаралъул багьадурасул хIакъалъулъ сочи-нение хъвазе.<br>• ПасихIго асар цIализе.<br>• Асаразда тIасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе.<br>• «Маша» кечI рекIехъе лъазабизе. | | |
| **АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ** | | | | |
| • Дандекквей такрар гьаби, гьелъул кIвар кочIолъ рагьи. | | | | |
| • Класстун къват1исеб ц1али 1 | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Гlабдулмажид Хачалов**<br>**«Тlаса лъугьа, гьалмагъ майор»**<br>Ватlанияб рагъда гlадамазул таваккал, къвакlи, бахlарчилъи ва тушманасде щцин загьир гьабун бугеб куц. Саша Горбуновасул цlодорлъи. бахlарчилъи, къвакlи, тушманасде гьалагаб щцин.<br>Майор Горбуновасул гlамал-хасият. Гlурусав Горбуновасулги, магlарулав Гъазихъовасулги, гуржиясулги рагъда лъададарараб гьудуллъи. | 2 | • Лъугьа-бахъиналъул яги багьадурасул хlакъалъулъ жиндир-го пикру загьир гьабизе.<br>• ПасихIго асар цlализе.<br>• Асаралда тlасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе. | • | • |
| **АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ** | | | | |
| • Адабияв багьадурасул хlакъалъулъ авалияб баян. Гаргар ва авторасул калам рекъонккеялъул кlвараляъул бичlчlи гlатlид гьаби. | | | | |
| **Фазу Гlалиева**<br>**«Рии тlад бан буго дир тlалъиялда»**<br>**«Цlад»**<br>«Рии тlадбан буго дир тlалъиялда»: Гьавураб ва гlураб ракьалъул тlабигlат ккола Ватlаналде рагьулеб рокьул каву. Гьелдасан байбихьула эбелаб ракьалде рокьул асар тlирщизе. Гlазизаб тlалъиялъул тlабигlаталъ шагlиралъе гьабураб асар. Гьелде бугеб жиндирго хlасрат загьир гьабизе шагlиралда ратарал сипатал.<br>«Цlад»: балеб мехалъ мугlрузул тlабигlат хисулеб куц, Чlагояб тlабигlат гьелдаса бохиялъул сипат. Лъималазе гьелъ гьабураб асар. Цlад тlабигlаталъе ва гlадамазе рахlматлъун букlиналдаса шагlиралъул рохел. | 2 | • Лирикаялъул тайпаби ракlалде щвезаризе.<br>• Кочlол хlакъалъулъ жиндирго пикру загьир гьабизе.<br>• Учителас кьураб темаялда тlасан проект гlуцlиялъулъгlахьаллъи. | | |
| | | • Хlажатаб тlехь балагьизе интернеталдаса, библиотекаялдакаталогаздаса пайда босизе.<br>• Асаралъул хlакъалъулъ эссе хъвазе.<br>• ПасихIго асарал цlализе.<br>• Асаразда тlасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе. | • | • |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **МухIамад ГIабдулхIалимов**<br>**«Инсул мина»**<br>Эбел-инсул адаб-хIурмат гьабизе ккола, гьел чIаго рукIаго. Инсул рокъове Ибрагьим тIадвуссиналъе гIилла. Ибрагьимидаги гьесул вас Сапиюладаги гьоркьоб ккараб гарачIвари, гьелъул магIна ва кIвар. | 2 | • Лъугьа-бахъиналъул яги багьадурасул хIакъалъулъ жиндир-го пикру загьир гьабизе.<br>• ПасихIго асар цIализе.<br>• Асаралда тIасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе. | • | • |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| • Эпитеталъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. | | | | |
| **ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА-2** | | | | |
| **Абумуслим Жафаров**<br>**СихIираб ци**<br>ГIалхул жанаварал — гIагараб тIабигIаталъул берцинлъи. ТIабигIат цIуни — инсанасул налъи. МугIрузул тIабигIаталъул сипат-сурат цебечIезабизе хъвадарухъанасул бугеб махщел. Ци чIвачIого теялъе гIилла. | 1 | • Лъугьа-бахъиналъул яги багьадурасул хIакъалъулъ жиндир-го пикру загьир гьабизе.<br>• ПасихIго асар цIализе.<br>• Асаралда тIасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе.<br>• КечI рекIехъе лъазабизе. | • | • |
| • Хабаралъул хIакъалъулъ баян. | | | | |
| **Кадрия**<br>**«Дир лъимерлъиялда хиял букIана»**<br>ШагIиралъул гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян. ГIагараб халкъалъе хъулухъ гьаби, гьелда цебе щивав чияс жиндирго налъи тIубай — кочIол аслияб пикру. | 1 | • Лъугьа-бахъиналъул яги багьадурасул хIакъалъулъ жиндир-го пикру загьир гьабизе.<br>• ПасихIго асар цIализе.<br>• Асаралда тIасан суалал лъезе.<br>• Суалазе жавабал кьезе. | • | • |
| Класстун къват1исеб ц1<br>Гьабигьанасул лъимал» | 1 | | | |